

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Desain Panalungtikan

Métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métode kuasi ékspérimén atawa ékspérimén semu, kalayan desain panalungtikan *one group pre-test and post-test design*. Nurutkeun Arikunto (2006: 85), desain *pre-test and post-test* miboga pola saperti ieu di handap.

|         |
|---------|
| O1 X O2 |
|---------|

Bédana antara O1 jeung O2 nyaéta O1-O2 diasumsikeun mangrupa éfék tina perlakuan. Katerangan saperti ieu di handap.

- 1) *Pre-test* (O1) dilaksanakeun pikeun ngukur kamampuh siswa dina maca dongéng saméméh perlakuan métode *dramatic reading* dilaksanakeun,
- 2) *Treatment* (X) (perlakuan) atawa aplikasi tina métode *dramatic reading* ka siswa pikeun pangajaran maca dongéng,
- 3) *Post-test* (O2) dilaksanakeun pikeun ngukur kamampuh siswa dina maca dongéng sabada perlakuan métode *dramatic reading* dilaksanakeun.

Sakumaha ngaran desainna nyaéta *one group pre-test and post-test design*, ieu obsérvasi dilakukeun dua kali, nyaéta saacan jeung sabada ngalaman X (*treatment*) atawa perlakuan. *Pre-test* nyaéta O1 atawa ékspérimén saméméh ngalaman perlakuan, jeung O2 atawa ékspérimén sabada ngalaman perlakuan disebut *post-test*.

#### 3.2 Wangenan Operasional

Aya sababaraha wangenan operasional anu patali jeung ieu panalungtikan anu kudu dipedar, sangkan ieu panalungtikan henteu nyababkeun ayana salah tafsir, di antarana:

- 1) *Dramatic reading* mangrupa salasihiji pamanggih dina widang sastra, anu bisa dijadikeun alternatif pikeun pangajaran. Wangun *dramatic reading* nyaéta drama anu ngan saukur maca naskah tur maké *blocking* sakuduna. *Dramatic reading* ogé mangrupa latihan dasar dina téater saméméh

dipintonkeun langsung. Ieu métode ngawengku kaparigelan basa dina maca, dipintonkeun ku cara maca naskah kalayan ngadramatisasikeun maké kabasaan jeung éksprési anu merenah. *Dramatic reading* pikeun nguji rangkayan hipotésa kalawan ngagunakeun léngkah-léngkah anu tangtu dina ngahontal tujuan pangajaran.

- 2) Pangajaran maca dongéng nyaéta kagiatan diajar ngajar di sakola kalayan nepikeun materi dongéng. Udaganana sangkan siswa mikanyaho dongéng katut eusina ku cara maca, tur sangkan guru mikanyaho kamampuh siswa dina maca dongéng.

### 3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nangtukeun pisan ukuran hasil atawa henteuna panalungtikan. Ku ayana instrumén bisa jadi tolak ukur, naha sumber data bisa nyumponan kritéria atawa henteu, sarta béda signifikan ieu panalungtikan. Instrumén miboga fungsi pikeun ngajawab masalah-masalah anu disodorkeun jeung pikeun nguji hipotésis.

Kaajén pisan yén instrumén téh kawilang penting pikeun ngudag tujuan panalungtikan. Ku kituna, instrumén salaku alat dina ngumpulkeun data, kudu dirarancang kalawan sistematis sangkan data anu ditarimana objéktif. Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta tés lisan.

Sangkan leuwih tétéla, ieu di handap dipedar instrumén anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data.

Tés dilakukeun pikeun ngukur kamampuh siswa dina maca dongéng. Siswa ditést dua kali, nyaéta saméméh jeung sabada narima perlakuan métode *dramatic reading*, nyatana di awal jeung di ahir observasi ka siswa.

Kriteria anu dipaké pikeun meunteun kamampuh siswa dina ieu panalungtikan nyaéta kritéria ajén nyarita, sabab leuwih condong kana makéna métode *dramatic reading*. Kritéria anu dipaké nyaéta kritéria meunteu nyarita nurutkeun Haérudin (2009, kc. 59). Sabab leuwih merenah pikeun meunteun maca dongéng maké métode *dramatic reading*.

Data tina hasil tés lisan dipeunteun dumasar kana ugeran meunteun kamampuh nyarita anu ngawengku genep aspek (intonasi, artikulasi, volume sora, penghayatan, gesture, jeung mimic), nyaéta merenah jeung henteuna kabasaan ogé kedaling atawa éksprési anu ditepikeun ku siswa dina waktu ngadongéng.

Tabél 3.1  
Kriteria Ajén Nyarita

| Aspek         | Bobot | Jumlah |
|---------------|-------|--------|
| Kebahasaan    | 60%   |        |
| Intonasi      | 20    |        |
| Pelafalan     | 20    |        |
| Volume Suara  | 20    |        |
| Eksprési      | 40%   |        |
| Gesture       | 15    |        |
| Mimik         | 10    |        |
| Penghayatan   | 15    |        |
| <b>Jumlah</b> | 100%  |        |

Kritéria ngajén nyarita di luhur dijadikeun patokan dina ngajén maca dongéng kalayan maké metode *dramatic reading* kalawan skala nurutkeun Arikunto (Gustiar, 2011: 35).

#### PEDOMAN NGAJÉN MACA DONGÉNG

Wasta : .....

Kelas : .....

No. Absén : .....

| ASPEK         | SKALA |   |   |   |   | BOBOT | JUMLAH |
|---------------|-------|---|---|---|---|-------|--------|
|               | 1     | 2 | 3 | 4 | 5 |       |        |
| Kebahasaan    |       |   |   |   |   | 60%   |        |
| Intonasi      |       |   |   |   |   | 20    |        |
| Pelafalan     |       |   |   |   |   | 20    |        |
| Volume Suara  |       |   |   |   |   | 20    |        |
| Eksprési      |       |   |   |   |   | 40%   |        |
| Gesture       |       |   |   |   |   | 15    |        |
| Mimik         |       |   |   |   |   | 10    |        |
| Penghayatan   |       |   |   |   |   | 15    |        |
| <b>Jumlah</b> |       |   |   |   |   | 100%  |        |

Keterangan:

Skala Peunteun

- 5: Alus pisan
- 4: Alus
- 3: Cukup
- 2: Kurang
- 1: Gagal

(Arikunto: 2006)

Déskriptor pedoman dina meunteun maca dongéng, katangtuanna nyaéta ieu di handap.

#### 1) Intonasi

Dina ieu kritéria, hal anu diajénna nyaéta merenah jeung henteuna lentong anu dipaké ku siswa dina waktu maca dongéng. Hal anu jadi udagan dina ieu kritéria nyaéta luhur-handapna sora , wirahma, jeung randegan dina nepikeun carita. Skala peunteunna:

- 5: Merenah pisan dina makéna lentong nalika maca dongéng
- 4: Lentong anu diucapkeun ku siswa méh euweuh kasalahan.
- 3: Lentong anu diucapkeun sakapeung kurang merenah
- 2: Sering ngalaman kaalahan dina makéna lentong nalika ngucapkeun caritaan.
- 1: Loba pisan kasalahan dina makéna lentong.

#### 2) Artikulasi

Artikulasi nyaéta kamampuh jéntré jeung henteuna dina ngucapkeun foném.

Skala peunteunna:

- 5: Artikulasi jelas jeung euweuh kasalahan.
- 4: Artikulasi anu dilafalkeun méh euweuh kasalahan
- 3: Aya kasalahan dina artikulasi tapi teu loba.
- 2: Sering salah dina artikulasi foném
- 1: Loba pisan kasalahan dina artikulasi

### 3) Volume Sora

Aspék anu dipeunteunna nyaéta bedas henteuna sora dina waktu ngucapkeun carita. Skala peunteunna:

- 5: Volume sora bedas ti mimiti nepi ka ahir tur merenah.
- 4: Volume sora bedas tapi sakapeung aya nu alonan.
- 3: Volume sora kadang bedas kadang laun.
- 2: Volume sora anu diucapkeun kurang bedas
- 1: Volume sora kaleuleuwih (boh bedasna boh launna).

### B. Kedaling Ekspresi

#### 1) Gerak atawa réngkak

Anu diajén dina ieu kritéria nyaéta merenah jeung henteuna réngkak siswa dina nepikeun dongéng. Skala peunteunna:

- 5: Réngkak merenah, jelas jeung euweuh kasalahan
- 4: Réngkak dina nepikeun dongéng méh euweuh kasalahan.
- 3: Aya kasalahan dina réngkak, tapi bisa kénéh ditarima.
- 2: Sering aya kasalahan dina gesture sarta ngaganggu
- 1: Loba pisan kasalahan réngkak/peta.

#### 2) Mimik/pasemon

Anu diajén dina ieu kritéria nyaéta merenah jeung henteuna pasemon nalika nepikeun dongéng. Skala peunteunna:

- 5: Pasemon luyu tur merenah ti mimiti nepi ka hir
- 4: Pasemon luyu, ampir merenah euweuh kasalahan
- 3: Aya pasemon anu kurang merenah
- 2: Sering ngalaman kasalahan mimik nalika nepikeun dongéng
- 1: Loba pisan kasalahan dina mimik nalika nepikeun dongéng.

#### 3) Penghayatan

Hal anu diajén dina ieu aspék nyaéta tingkat ngajiwaan kana palaku atawa tokoh dina éta dongéng. Skala peunteunna:

- 5: Alus pisan dina ngajiwaan palaku/tokoh katut eusi éta dongéng
- 4: Penghayatan tokoh/palaku méh sampurna
- 3: Aya kasalahan dina penghayatan palaku katut eusi

- 2: Sering ngalaman kasalahan dina penjiwaan
- 1: Loba pisan kasalahan dina penghayatan tokoh/palaku katut eusi.

### 3.4 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta hasil diajar maca dongéng siswa kelas X 8 MAN Awipari Kota Tasikmalaya taun ajaran 2013/2014 ngagunakeun métode *dramatic reading* anu jumlahna aya 30 urang.

Tabél 3. 2  
DAFTAR NAMA SISWA KELAS X 8  
MAN AWIPARI KOTA TASIKMALAYA  
TAUN AJARAN 2013/2014

| No. | Wasta                 | L/P | Keterangan |
|-----|-----------------------|-----|------------|
| 1   | Ayi Nurazizah         | P   |            |
| 2   | Ayu Juhrotus Sopiah   | P   |            |
| 3   | Dede Aah              | L   |            |
| 4   | Dede Mansyur          | L   |            |
| 5   | Dewi Andriyani        | P   |            |
| 6   | Dian Mujahid          | L   |            |
| 7   | Dien Saefuddaulah     | L   |            |
| 8   | Dini Widiani          | P   |            |
| 9   | Endang Jeje Jamaludin | L   |            |
| 10  | Farwati Oktaviani     | P   |            |
| 11  | Gesanto Repanansyah   | L   |            |
| 12  | Hani Komalasari       | P   |            |
| 13  | Hikmat Romdoni        | L   |            |
| 14  | Irfan Sahid           | L   |            |
| 15  | M Fariqul Ma'as       | L   |            |
| 16  | Mira Mutiara          | P   |            |
| 17  | Muh. Rifki Ali        | L   |            |
| 18  | Mutia Sofa            | P   |            |
| 19  | Rendi Solehudin       | L   |            |

|                     |                     |                       |  |
|---------------------|---------------------|-----------------------|--|
| 20                  | Revi Padilah        | P                     |  |
| 21                  | Sani Rohmatulloh    | P                     |  |
| 22                  | Septi Alawiyah      | P                     |  |
| 23                  | Sergi Pratama Putra | L                     |  |
| 24                  | Siti Nurhandayani   | P                     |  |
| 25                  | Siti Rohmah         | P                     |  |
| 26                  | Tia Nurul Mutia     | P                     |  |
| 27                  | Tina Suriatin       | P                     |  |
| 28                  | Tri Suhestra        | L                     |  |
| 29                  | Yuliani Safitri     | P                     |  |
| 30                  | Adji Maulana Yusup  | L                     |  |
| Jumlah Lalaki       |                     | 14 Urang Siswa        |  |
| Jumlah Awéwé        |                     | 16 Urang Siswa        |  |
| <b>JUMLAH TOTAL</b> |                     | <b>30 Urang Siswa</b> |  |

### 3.5 Téhnik Ngumpulkeun data

Téhnik dikudukeun dina ngumpulkeun data. Ku kituna téhnik anu merenah jeung luyu dilarapkeun pikeun ngumpulkeun data kacida mangaruhanana kana kabersihan panalungtikan. Téhnik ngumpulkeun data anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta tés.

Tés nyaéta saruntuyan patanyaan atawa latihan anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, kamampuh atawa bakat nu dipibanda ku individu atawa kelompok (Arikunto, 2006, kc. 139).

Pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina maca dongéng, ieu panalungtikan ngalaman dua kali tés. Tésna nyaéta tés awal jeung tés ahir atawa *pre and post test*. Dina tés awal, digunakeun pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina maca dongéng saacan ngalaman perlakuan, sedengkeun tés ahir digunakeun pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina maca dongéng sabada ngalaman perlakuan (*treatment*) métode *dramatic reading*, naha aya parobahan atawa henteu.

Léngkah-léngkah anu dipaké dina ngumpulkeun data, nyaéta ieu di handap.

- 1) Nyusun instrumén panalungtikan dina wangun tés;
- 2) *Pre-test* atawa tés awal;
- 3) *Treatment* atawa perlakuan kana pangajaran maca dongéng, anu mangrupa métode *dramatic reading*;
- 4) *Post-test* atawa tés ahir;
- 5) Ngumpulkeun hasil tés.

### 3.6 Prosedur Ngolah Data

Téhnik ngolah data mangrupa cara dina nganalisis tur ngolah data anu geus dipiboga atawa katarima. Tujuanana nyaéta pikeun néangan jawaban tina pasualan dina ieu panalungtikan. Léngkah-léngkah anu kudu dilakonan dina ngolah data, nyaéta:

- (1) meunteun,
- (2) uji sifat data,
- (3) uji *gain*, jeung
- (4) uji hipotésis.

#### 3.6.1 Meunteun

Pikeun maham eusi bacaan bisa diukur ku cara ngitung présentasi tina jawaban anu bener ngeunaan eusi bacaan (Aslihi 2009 : 34). Ku kituna bisa dijieun rumus.

Rumus anu dipaké pikeun présentasi tina jawaban anu bener ngeunaan eusi bacaan nyaéta ieu di handap.

|  |
|--|
| $\text{PEUNTEUN} = \frac{\text{SKOR}}{\text{SKOR TOTAL}} \times 100\%$ |
|--|

Tina tés awal jeung tés ahir bakal dihasilkeun nilai siswa anu satuluyna bisa diolah datana kana tabél ieu di handap, anu tujuanna pikeun nangtukeun rata-rata peunteun siswa.



Tabel 3.2  
Skor *Pretest Metode Dramatic Reading* dina Pangajaran Maca Dongéng

| No  | Aspék |     |     |     |     |     | $\Sigma$ | P    | %    | Kategori |
|-----|-------|-----|-----|-----|-----|-----|----------|------|------|----------|
|     | a     | b   | c   | d   | e   | f   |          |      |      |          |
| (1) | (2)   | (3) | (4) | (5) | (6) | (7) | (9)      | (10) | (11) | (12)     |
|     |       |     |     |     |     |     |          |      |      |          |
|     |       |     |     |     |     |     |          |      |      |          |
|     |       |     |     |     |     |     |          |      |      |          |

Tabel 3.3  
Skor *Posttest Metode Dramatic Reading* dina Pangajaran Maca Dongéng

| No  | Aspék |     |     |     |     |     | $\Sigma$ | P    | %    | Kategori |
|-----|-------|-----|-----|-----|-----|-----|----------|------|------|----------|
|     | a     | b   | c   | d   | e   | f   |          |      |      |          |
| (1) | (2)   | (3) | (4) | (5) | (6) | (7) | (9)      | (10) | (11) | (12)     |
|     |       |     |     |     |     |     |          |      |      |          |
|     |       |     |     |     |     |     |          |      |      |          |
|     |       |     |     |     |     |     |          |      |      |          |

**Katerangan:**

- a. gerak
- b. mimik
- c. penghayatan
- d. intonasi
- e. pelafalan
- f. volume sora

P = peunteun                       $\Sigma$  = jumlah skor

Kategori = Perséntasi  $\geq$  75%, siswa dianggap **mampuh**.

Perséntase  $<$  75%, siswa dianggap **can mampuh**.

### 3.6.2 Uji Sifat Data

#### 3.6.2.1 Uji Normalitas

Uji normalitas tujuannya pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa téh miboga distribusi anu normal. Pikeun ngabuktikeun yén data téh miboga sipat anu normal ngagunakeun rumus *chi kuadrat* ( $x^2$ ).

Léngkah-léngkah dina uji normalitas nyaéta ieu di handap.

- 1) Nyieun tabél frékuensi peunteun

Tabel 3.4 Frékuensi Nilai

| Skor ( $x$ ) | $f$ | $f \cdot x$ | $f \cdot x^2$ |
|--------------|-----|-------------|---------------|
| (1)          | (2) | (3)         | (4)           |
|              |     |             |               |
|              |     |             |               |
| $\Sigma$     |     |             |               |

- 2) Ngitung rata-rata peunteun *pretest and post-test*
- 3) Ngitung standar déviasi (SD)

$$SD = \sqrt{\frac{N(\Sigma f \cdot x^2) - (\Sigma fx)^2}{N(N-2)}}$$

- 4) Ngitung frékuénsi observasi jeung frékuénsi ékspéktasi

3.5 Tabél Frékuénsi Observasi jeung Frékuénsi Ékspéktasi

| Kelas | O1  | Bk  | Z   | Z<br>(tabél) | L   | Ei  | $x^2$ |
|-------|-----|-----|-----|--------------|-----|-----|-------|
| (1)   | (2) | (3) | (4) | (5)          | (6) | (7) | (8)   |
|       |     |     |     |              |     |     |       |
|       |     |     |     |              |     |     |       |
|       |     |     |     |              |     |     |       |

Léngkah-léngkahna di antarana:

- a) Nangtukeun jumlah kelas

$$K = 1 + 3,3 \log n$$

- b) Nangtukeun rentang ( $r$ )

$$r = \text{skor pangluhurna} - \text{skor panghandapna}$$

c) Ngitung panjang kelas (p)

$$P = \frac{r}{k}$$

d) Ngitung nilai tengah antara interval nu handap jeung nu luhur (bk)

e) Ngitung Z

$$Z = \frac{(bk - \bar{x})}{SD}$$

f) Nangtukeun legana kelas (L)

$$L = Z - Z \text{ tabel}$$

g) Ngitung frékuénsi observasi (Oi)

h) Ngitung frékuénsi ékspéktasi

$$Ei = L \times N$$

i) Nangtukeun *chi kuadrat* ( $x^2$ )itung

$$X = \sum \frac{(Oi - Ei)^2}{Ei}$$

7) Nangtukeun normalitas

Ieu di handap mangrupa kritéria pikeun nangtukeun normal henteuna distribusi data, nyaéta:

Upama  $x^2 \text{itung} < x^2 \text{tabel}$  hartina distribusi **data normal**

Upama  $x^2 \text{itung} > x^2 \text{tabel}$  hartina distribusi **data teu normal**

### 3.6.2.2 Uji Homogénitas

Uji homogénitas ieu miboga tujuan pikeun mikanyaho homogen henteuna variasi sampel tina populasi nu sarua. Léngkah-léngah anu dilakukeun nyaéta ieu di handap.

1) Nangtukeun skor variable  $x$  masing-masing kelompok *pretes* jeung *posttest*.

a) Variabel  $x$  *pretes*

$$\sum fx^2 = \dots\dots\dots$$

$$\sum (fx^2) = \dots\dots\dots$$

b) Variabel  $x$  *posttest*

$$\sum fx^2 = \dots\dots\dots$$

$$\sum (fx^2) = \dots\dots\dots$$

2) Nangtukeun variansi masing-masing kelompok

a) Variansi *pretest*

$$S^2 = \frac{N \cdot \sum fx^2 - \sum (fx)^2}{N(N - 1)}$$

b) Variansi *posttest*

$$S^2 = \frac{N \cdot \sum fx^2 - \sum (fx)^2}{N(N - 1)}$$

3) Hasil tina variansi diasupkeun kana distributor F

$$F = \frac{S^2 b}{S^2 k}$$

4) Ngitung darajat kabébasan (db)

$$db_1 = n - 1$$

$$db_2 = n - 1$$

5) Nangtukeun F tabel

6) Uji homogénitas

Pikeun nangtukeun homogénitas digunakeun kritéria ieu di handap:

$f_{itung} < f_{tabel}$  hartina variasi **sampel homogén**

$f_{itung} > f_{tabel}$  hartina variasi **sampel teu homogén**

### 3.6.3 Uji Gain

Uji *gain* dilaksanakeun pikeun nangtukeun aya atawa henteuna béda antara *pretest* jeung *posttest*. Tina ieu uji *gain*, aya gambaran ngeunaan pangaruh métode *dramatic reading* kana kamampuh maca dongéng siswa kelas X MAN Awipari Kota Tasikmalaya taun pangajaran 2013/2014.

Tabel 3.6 Uji Gain

Maca Dongéng Ngagunakeun *Dramatic Reading*

| No  | Prétest | Post-tést | $\Sigma$ | $d$ | $d^2$ |
|-----|---------|-----------|----------|-----|-------|
| (1) | (2)     | (3)       | (4)      | (5) | (6)   |
|     |         |           |          |     |       |

### 3.6.4 Uji Hipotesis

Uji  $t$  digunakeun pikeun nguji signifikansi béda dua rata-rata. Léngkah-léngkahna nyaéta:

- 1) Nyieun tabél uji jumlah rata-rata *pretes* jeung *posttest*

Tabél 3.7 Uji Jumlah Rata-rata *Pretes* jeung *Posttest*

| No  | Prétest | Post-tést | $d$ | $d^2$ | Xd (d-Md) |
|-----|---------|-----------|-----|-------|-----------|
| (1) | (2)     | (3)       | (4) | (5)   | (6)       |
|     |         |           |     |       |           |
|     |         |           |     |       |           |

- 2) Nangtukeun béda mean prates jeung *posttest*, kalayan rumus:

$$Md = \frac{\sum d}{N}$$

- 3) Ngitung darajat kabébasan (db), rumusna nyaéta:

$$db = n - 1$$

- 4) Nangtukeun  $t$  *itung*, rumusna nyaéta:

$$\sum x^2 d = \sum d^2 - \frac{(\sum d)^2}{N}$$

- 5) Nangtukeun hipotesis kalawan rumus:

$$t = \frac{MD}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{n(n-1)}}}$$